ГуащIэдэкIым и лъэужь махуэ

2-нэ нап.

Ди университетыр къыхэфх!

2-нэ нап.

Интернет напэкIуэцI мыхъумыщIэхэм щахъумэ

3-нэ нап.

Дэ, адыгэм, ди хабзэр аращ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№82 (24.988) • 2026 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 9, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

ЩIыхуэм я сэбэп зыхэлъыр

Лэжьыгъэ Iуэхукlэ республикэм къэкIуа, къэрал антимонопольнэ къулыкъущIапIэм и унафэщI Шаскольский Максим Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек дыгъуасэ IущIащ.

КЪУЛЫКЪУЩIЭХЭР тепсэлъыхьащ хьэрхуэрыгъэм зегъэужьыным, уасэхэм я нэIэ тетыным, инвестицэхэр дэлыгъынымрэ экономикэ проектхэр гъэзэщIэнымрэ ехьэлIа Iуэхухэм.

Антимонопольнэ къулыкъущIапIэм адэкIи пищэнущ республикэм и Правительствэмрэ къэрал IэнатIэмрэ жылагъуэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ сату щIыпIэхэм щагъэув уасэхэм якIэлъыплъыным теухуауэ зэрыдэлажьэм.

Щхьэхуэу и гугъу ящIащ гъэсыныпхъэхэр щэн и лъэныкъуэкIэ щыIэ хъуа щытыкIэм. Мыбдежым япэ щрагъэщ къалэнхэм ящыщщ абыкIэ сондэджэрыным пэщIэтыным.

Урысейм и ФАС-м щIыгъуу республикэм икIэщIыпIэкIэ унафэхэр щытращIыхьынущ лъабжьэ имыIэу уасэхэр дэгъэуеиным пыщIа хабзэншагъэхэм – республикэм щыпсэухэмрэ хьэрычэт IэнатIэм хэтхэмрэ я сэбэп зыхэлъхэм къащхьэщыжу.

ЗэIущIэм Iэ щытрадзащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысейм и ФАС-мрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэм. Ар къыхуэщхьэпэнущ щIыналъэм и экономикэм зегъэужьыным, абы инвестицэхэр нэхъыбэу къыхегъэлъхьэным, хьэрычэт IэнатIэм захуагъэм тету зэхьэзэхуэр нэхъри щыщIэгъэхуэбжьэным.

КIуэкIуэ Казбек Шаскольский Максим фIыщIэ хуищIащ республикэм зэрызыкъыщIагъакъуэм, къыхуащI гулъытэм папщIэ. Апхуэдэ зэпыщIэныгъэ быдэр къыхуэщхьэпэнущ зи чэзу Iуэхухэм ятеуха унафэ тэмэмхэр къэщтэным.

Псэм и хуабагъымкIэ фызэдэгуашэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыныгъэм я махуэм хуэгъэза и хъуэхъу

Си лъахэгъу лъапIэхэ!

Унагъуэм, лъагъуныгъэм, пэжыгъэм я махуэм ди къэралым щыпсэухэм лъапIэныгъэ нэхъ нэхухэм зыхуагъазэ – дыкъыщалъхуа унэм, ди нэхъыжьхэмрэ ди нэхъыщIэхэмрэ, ди къежьапIэмрэ ди къэкIуэнумрэ дапызыщIэ къуэпсэм.

УФ-м и Президент Путин Владимир и Унафэкlэ яублауэ щыта мы махуэшхуэр къэралым тегъэщIапIэ нэхъыщхьэ хуэхъу унагъуэм и пщIэм и дамыгъэщ.

Президентым къыхилъхьа лъэпкъ проектхэм япэ ирагъэщ зэпытщ сабий зэрыс унагъуэхэм защIэгъэкъуэн зэрыхуейр: сабий ахъшэ зэрыратым щегъэжьауэ къалэхэмрэ къуажэхэмрэ зэманым декIу инфраструктурэкIэ зэрызэрагъэпэщым, школхэмрэ сабий Ыгъыпlэхэмрэ зэраухуэн, спортымрэ узыншагъэр зэрахъумэмрэ я деж щиухыжу.

Унагъуэм, лъагъуныгъэм, пэжыгъэм я махуэр цIыхубэ махуэшхуэ хъуакIэщ.

Сабий куэд зэрыс унагъуэшхуэ уиIэным нобэ уи пщIэм хегъахъуэ, ехъулIэныгъэшхуэуи къалъытэ. Гу лъытапхъэщ унагъуэ блогерхэр цIэрыIуэ зэрыхъуми, апхуэдизкIэ мы Iуэхур псоми ягу дохьэри.

Къэбэрдей-Балъкъэрым унагъуэр цIыхубэ гъащIэм и Iыхьэ къудейуэ къыщамылъытэу, абы и курыкупсэу щабж игъащIэ лъандэрэ. Ди Iыхьлыхэм драгъусэущ дэ хабзэми, нэмысми, хьэщIэм хуэщIыпхъэ гулъытэми, зыр адрейм дэIэпыкъун зэрыхуейми зыщедгъасэр. Унагъуэрщ цIыхур сыт хуэдэ зэмани цIыхуу къэнэжын зэрыхуейр пщызымыгъэгъупщэр, ипэкIэ укIуэтэнми утезыгъэгушхуэр.

Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Ди республикэм щыщ дэтхэнэ зы унагъуэми лъэпкъми насыпрэ зэгурыIуэрэ илъыну гурэ псэкIэ сохъуэхъу. ЩIыхь зыхуэфащэ адэ-анэу фыщыт! Нэхъыжьхэм фи гулъытэр зыхащIэу, нэхъыщIэхэр фи лъагъуныгъэм хэпсэукIыу, зым Iэпыхур адрейм къищтэжу Тхьэм фигъэпсэу!

Фи жьэгум и мафIэр фхъумэ, псэм и хуабагъымкIэ фызэдэгуашэ.

Махуэшхуэмкlэ сынывохъуэхъу!

Насыпым и къежьапIэ

УФ-м и Президент Путин Владимир и Унафэкlэ, Урысейм 2022 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м щегъэжьауэ щагъэлъапIэ Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыныгъэм я махуэр.

ДУНЕЙМ къытехьа цIыхум гъащIэм и япэ лъэбакъуэр химычэ щIыкIэ зыхещIэ унагъуэм и къарур. Пэжщ, дэтхэнэ зыри адэрэ анэрэ къыщхьэщыту къалъхуркъым. ИтIани, лъагъуныгъэмрэ ар къызыбгъэдэкI цIыху гъунэгъумрэ я уасэр зыхимыщIауэ зыгуэр дунейм тету фIэщщIыгъуейщ. ЦIыхур цIыху зыщIыж гурыщIэ къабзэхэри, абы и псэукIэм лъабжьэрэ гъуазэрэ хуэхъу унэтIыныгъэ щхьэпэхэри къыздехь псэ зыIутыр адрейхэм къахэзыгъэщ лъагъуныгъэм. Унэрысхэр щызэхуэIэфI унагъуэм къыщыдэкIуэтея сабийм и гъэсэныгъэри нэхъ ирикъуауэ, и цIыху хэтыкIэри нэхъ гумащIэу зэрыщытымкIэ псори акъылэгъу къызэрыддэхъунум шэч къытетхьэркъым.

Кавказ Ищхъэрэр къапщтэмэ, мыбы щыпсэухэм адэ-анэм, къызэщIэубыдауэ – нэхъыжьхэм хуащI пщIэм деж щызэщIедзэ унагъуэм и мыхьэнэм. «Дыщэ хэс нэхърэ - жьы зыбгъэдэс», «Анэ бгъафэрэ хъурыфэ джэдыгурэ», «Анэр нэм хуэдэщ, адэр дэм хуэдэщ», «Шыпхъум и гур дэлъхумкIэ гъэзащ», «Шыпхъуншэ нэхърэ - шыпхъу нэф» - я кIэм унэплъысынукъым ди анэдэлъхубзэм и закъуэ унагъуэм щытепщэу щытыпхъэ хабзэхэм ятеуха Iущыгъэу хэтым. «ФIыуэ слъагъум хуэзмыщIэнур сремыIэ» псалъэжьым а зи гугъу тщIа псори къызэщIиубыдэу пхужьIэнущ.

Унагъуэмрэ лъагъуныгъэмрэ дыщытепсэлъыхькIэ, пэжыгъэм, нэхъ хуэзэу жыпIэнумэ – зэхуэпэжыным и мыхьэнэри къыхэгъэщыпхъэщ. Мыбдежым литературэр нэхъ къытхуэщхьэпэну къыщIэкIынщ. «ЗэбгъэсахэмщхьэкIэ, упсэуху жэуаплыныгъэ уохь», - жиIэгъащ франджы тхакIуэ Сент-Экзюпери Антуан. Зэрытлъагъущи, сыт хуэдэ псэукIэ хабзэми егъэдахэ цIыхур унагъуэм къыщыхъун, адэ-анэм, адэшхуэ-анэшхуэхэм яхуиIэ пщIэр ихъумэн зэрыхуейр, апщIондэху езым и зыужьыныгъэри здынэсыпхъэм зэрынэсыр къигъэлъагъуэу.

Нобэрей дунейм зыщуплъыхьмэ, зэманым цIыхур кIуэ пэтми и закъуэ псэуфыным нэхъ зэрытригъэгушхуэр нэрылъагъущ. ТехникэщIэр къожьэ, телефон «губзыгъэхэм» уи унэ щIэсыжу утрагъэу, уи Iыхьлыхэр жыжьэу къанэкIи, ахэр уи унэм щIэмыскIи ягъэ мыкIын хуэдэу къыпщагъэхъу. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм адэ-анэм я уасэри, абы къыдэкIуэу – унагъуэм, ещанэ лъэбакъуэу – Хэкум я уасэр кIэригъэхуу къыпфIегъэщI. Иджырей цIыхур нэхъ гу быдэ зэрыхъуари къызыдэкIуэр ди япэ итахэм я щабагъыр зэрытхуэчэмыр армырауэ пIэрэ?! А гупсысэхэм дыхуэзыша нобэрей махуэшхуэм иджыри зэ дигу къегъэкIыж цIыхугъэм и нэщэнэ нэхъыщхьэу щыт лъагъуныгъэр адэжь лъапсэм къызэрыщежьэр, гъащIэм дезыгъэзэгъ хьэлыфI псори къытхэзыпщэр анэ куэщIрауэ зэрыщытыр.

Сабийр дунейм къытехьа нэужь, хъуэхъум я нэхъыфIу адыгэхэм жаIэри зыщыдгъэгъупщэнкъым: «Къэзылъхуам Тхьэм здригъэпIыж». Зы сабии зеиншэ щремыхъу ди республикэми, къэралми, зэрыдунейуи!

ЧЭРИМ Марианнэ.

Гъатхэ лэжьэгъуэм и кIэух зэIущIэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек КъБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъэзар гъэзэщIэным теухуауэ депутатхэм ялэжьынухэр ягъэбелджылащ. Хабзэгъэув IэнатIэм и гъатхэ зэхуэсыгъуэр щызэхуащIыжа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ абы.

КЪБР-м и Парламентым кIэлъыплъыныгъэмрэ регламентымкIэ и комитетым и унафэщI Кансаевэ Еленэ къыхигъэщащ ар республикэм и Iэтащхьэм Парламентым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщIа хъуным теухауэ зэрызэхэгъэувар, ягъэбелджыла Iуэхухэр 20-кIэ зэрынэхъыбэр. Къапщтэмэ, ар теухуащ законопроект зыбжанэ гъэбелджылын, «Правительствэм и сыхьэт», «Комитетым и сыхьэт», жыпхъэхэм ит зэIущIэхэр, «стIол хъурейхэр», комитетхэм я нэгъуэщI зэIущIэхэр егъэкIуэкIын зэрыхуейм. Комитетхэм пщэрылъ щащIащ Iэтащхьэм Парламентым Зэрызыхуигъэзар зэрагъэзащIэр зыгъэбелджылы лэжьыгъэхэм КъБР-м и Парламентым и Унафэщ-Iыр щагъэгъуэзэну.

Депутатхэр хэплъэщ КъБР-м и закон 62-м и «Къат куэду зэтет унэхэу КъБР-м щыIэхэм щыпсэухэм зэдай мылъкур зыхуей хуэгъэзэныр къызэгъэпэщын» законым, 2023 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м къащтам и проектым. Правительствэм къыхилъхьа проектыр теухуащ КъБР-м и Правительствэмрэ УФ-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ псэупIэхэр зэрызэрахьэр егъэфIэкIуэным теухауэ зэраухыла Iуэхухэр 20-кIэ зэрынэхъыбэр. Къапщтэмэ, ар теухуащ законопроект зыбжанэ гъэбелджылын, «Правительствэм и сыхьэт», «Комитетым и сыхьэт», жыпхъэхэм ит зэIущIэхэр, «стIол хъурейхэр», комитетхэм я нэгъуэщI зэIущIэхэр егъэкIуэкIын зэрыхуейм. Комитетхэм пщэрылъ щащIащ Iэтащхьэм Парламентым Зэрызыхуигъэзар зэрагъэзащIэр зыгъэбелджылы лэжьыгъэхэм КъБР-м и Парламентым и Унафэщ-Iыр щагъэгъуэзэну.



«КъБР-м къат куэду зэтет и унэхэр зехьэнымкIэ щIыналъэ оператор» фондым а лэжьыгъэри хэбгъэхьэну.

- Закономпроектым хэтлъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр сэбэп хъунущ къат куэду зэтет унэхэр зехьэным хухэхауэ республикэм къыщыхэкI ахъшэр, ЖКХ-м ехьэлIа нэгъуэщI Iуэхутхьэбзэхэми техуэри хэту, и чэзум зэхуахьэсынымкIэ, - жиIащ абы.

Законопроектыр абы хэплъапхъэхэм хурагъэхьащ, ар яджу, зэпкърахыу, я еплъыкIэр хабзэубзыху Iуэхущ-IапIэм и бжыхьэ зэхуэсыгъуэм ирихьэлIэу къыIэрагъэхьэн папщIэ.

Щхьэхуэу къагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентыр гъатхэ сессием зыхэплъэну ягъэбелджылауэ щытахэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэр. Депутатхэм къащта федеральнэ унафэхэм ящыщщ лэжьапщIэм техуэ налогым, хьэрычэт мащIэмрэ курытымрэ, егъэджэныгъэм, физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ теухуахэр.

IэнатIэ зэхуэмыдэхэм я Iэщ-Iагъэл къыхэжаныкIахэм Парламентым и щIыхь тхылъхэр хуагъэфэщэным щхьэхуэу щытепсэлъыхьащ зэIущIэм.

Гъащ-Iэм жыджэру хэтын папщIэ

«Унагъуэ» лъэпкъ пэхуэщIэм хыхьэу Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ купщIафIэ щрагъэкIуэкI зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ зи узыншагъэм сэкъат иIэхэмрэ сыт и лъэныкъуэкIи дэIыгъыным теухуауэ.

ПЭХУЭЩIЭМ нэхъыщхьэу Iуэхугъуит! гъэзэщIэн хуейуэ къыдэкIеубыдэ: 2030 гъэ пщIондэ тещIыхьа «Гъащ-Iэ кIыхь икIи жыджэр» щIыналъэ программэмрэ кIэлъыплъыныгъэ хуэныкъуэ, зи ныбжь хэкIуэта цIыхухэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ зэман кIыхькIэ зыхуейхэр яхуэщIэнымрэ.

«Гъащ-Iэ кIыхь икIи жыджэр» программэм егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, спортым, узыншагъэр егъэфIэкIуэным пыщIа Iуэху куэд хохьэ. Ахэр хуэунэтIащ нэхъыжьхэм я гъащIэм и кIыхьагъым, узыншагъэм, я псэукIэм и фIагъым хэгъэхъуэным. Илъэсым зэрыщIидзэрэ программэм хыхьэу къызэрагъэпэща Iуэхухэм цIыху мин 84-м нэблагъэ хашащ.

Щхьэхуэу къыхэгъэщыпхъэщ ЦIыхухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр щыхуащIэ республикэ центрым и къудамэхэм 2019 гъэ лъандэрэ ехъулIэныгъэкIэ щагъэзащIэ «Социальный туризм» технологиер. Зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ щIэх-щIэхыурэ псы хущхъуэхэм, музейхэм, зоопаркым яшэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыуэпс, щэнхабзэ щIыпIэхэм зыщрагъэплъыхь, нэгузыужь лъэс зекIуэхэр къыхузэрагъэпэщ.

Я узыншагъэм къызэримыхьым къыхэкIыу къэкIухьыныр къызытехьэлъэ цIыхухэми пIалъэ кIыхькIэ зэракIэлъыплъым теухуа лэжьыгъэм зеужь.

«Нобэ республикэм зэпыу имыIэу зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэр щагъуэт цIыху 242-м. ПIалъэ кIыхь кIэлъыплъыныгъэм къызэщIиубыдэхэм мы гъэм и мэлыжьыхь мазэм дыхэплъэжри, апхуэдэ Iуэхутхьэбзэ зыхуащIэхэм я бжыгъэм къыхэдгъэхъуащ. Апхуэдэу абыхэм къахэдгъэхьащ зи закъуэу псэу цIыхухэр. Зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ дэIыгъыным теухауэ едгъэкIуэкI Iуэхухэр адэкIи едгъэфIэкIуэнущ, абыхэм гъащIэ узыншэ икIи жыджэр ирахьэкIыу псэун папщIэ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Ди къуэш республикэхэм

Махуэшхуэмкlэ ехъуэхъуащ

АДЫГЕЙ. **ЩIыналъэм и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат республикэм щыпсэухэм ехъуэхъуащ Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыныгъэм я урысейпсо махуэмкIэ.**

- Мы махуэ дахэм дэ псоми дигу къегъэкIыж унагъуэр щIэгъэкъуэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр. Ипэжыпlэкlэ аращ дэ дыщесэр гуапагъэм, пщIэм, Iыхьлыхэм гулъытэ яхуэщIыным. Унагъуэ жьэгур сыт щыгъуи кIонэж тыншыпIэрэ шынагъуэншэу, къыщыппэплъэ икIи къыщыпщыгуфIыкI щIыпIэу.

Нобэ фIыщIэ яхудощI, дыкъэзылъхуахэм, я лъагъуныгъэ гъунапкъэншэмрэ Iущыгъэмрэ, ди бынхэм – мыхьэнэщIэрэ гуфIэгъуэкIэ ди гъащIэр зэрагъэнщIым папщIэ. ИпэжыпIэкIэ унагъуэм илъ зэгурыIуэр, хьэщIагъкIэ зэрыфIыр я лъабжьэ быдэщ мамырыгъэмрэ жылагъуэ зэгурыIуэныгъэмрэ.

Урысейм и Президент Путин Владимиррэ Правительствэмрэ гулъытэшхуэ хуащI къэралым унагъуэр щыгъэбыдэным, - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм.

Ветераным автомашинэ иратащ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Дзэ Iуэху хэхам и ветеран Хьэту Темырлан къратащ IэкIэ зэрагъакIуэ автомашинэ. Ар абы сэбэп къыхуэхъунущ игъуэта уIэгъэ хьэлъэхэм иужькIэ мамыр гъащIэм нэхъ псынщIэу хэзгъэжынымкIэ.**

Автомашинэр къритащ «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым. Ветераным IункIыбзэIухыр IэщIилъхьащ абы и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Абазэлий Марат.

- Ди къалэн нэхъыщхьэр дзэ Iуэху хэхам и дэтхэнэ ветеранми зыщIэдгъэкъуэнырщ, зэфIэувэжу гъащIэм нэсу хэзгъэжыныр къызэдгъэпэщынырщ, – жиIащ статсекретарь – УФ-м Зыхъумэжыныгъэмкlэ и министерствэм и унафэщIым и къуэдзэ, фондым и Iэтащхьэ Цивилевэ Аннэ.

Хьэту Темырланрэ и щхьэгъусэмрэ фондым и лэжьакIуэхэм фIыщIэ хуащIащ къазэрыдэIэпыкъуам папщIэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ГуащIэдэкIым и лъэужь махуэ

ТхылъыщIэ къыщыдэкIым деж, цIыхущIэ къыпхэхъуэм хуэдэщ. Сыту жыпIэмэ, иджыри къэс уи нэIуасэу щымыта, уеблэмэ зи цIэр зэхыумыха гуэрым ущIыдэплъеин, и цIэр уигу къыщIибнэн щхьэусыгъуэ къызэрыкъуэкIынум ухуэхьэзыру къызэтыбох иджыри тхылъымпIэмрэ шхэпсымрэ я мэр зыкIэрымыкIыжа напэкIуэцIхэр. Апхуэдэ гъуэтыгъуэ нобэ дизыгъэхуа Хьэгъэжей Хьэдил «Гушхуэныгъэ зэIэпах» («Преемственность гордости») зыфIища и тхылъыр ятеухуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Урысейми, хамэ къэралхэми фIыуэ къыщацIыху и адэшхуэм и къуэш Хьэгъэжей ТIалэрэ абы и къуэ Джонсонрэ. Си щхьэкIэ, иужьрейм и цIэ-унэцIэр зэрызэхэсх лъандэрэ, адыгэм «Джонсон» фIащын хуей щIэхъуам нэхърэ нэхъ сфIэгъэщIэгъуэн щыIэтэкъыми, а упщIэ хьэзырымкIэ ди уэршэрыр щетшэжьащ псэлъэгъу щIэщыгъуэ куэд зылъэгъуа «Адыгэ псалъэм» и хьэщIэщым.



Джонсон щIыфIащар

«Гушхуэныгъэ зэIэпах» фIэщыгъэ купщIафIэр тхылъым псалъащхьэ щIыхуэхъуар абы Хьэгъэжей зэадэзэкъуэри абыхэм я нэхъыжьхэри къызэрыхэщырщ. Нэхъыжьхэм ирагъэжьа псэукIэ хабзэр нэхъыщIэхэм зэраIэщIэмыкIар уи фIэщ ещI тхылъым и дэтхэнэ напэкIуэцIми. Ардыдэхэм Хьэдил и уэршэрыбзэ шэрыуэмкIэ ущедаIуэкIэ, щхьэхуимыту зэман жыжьэмрэ нобэмрэ зэпыбощIэ:

- Джон и адэ ТIалэ Бахъсэн районым и Комсомол зэгухьэныгъэм и секретару щытащ. Лашынкъейр а зэманым Бахъсэн районым хиубыдэрт. Районым комсомол лэжьыгъэр къыщиIэтащ, щIалэ жыджэрщ жаIэри, Владикавказ дэта Бгы-металлургие техникумым щIагъэтIысхьат ар, фIы дыдэуи щеджащ. А зэманым Совет властым инженер и мащIэт, индустриализацэ жыхуаIэр екIуэкIырт, къэралыр къаIэтын папщIи, стажировкэ хуэдэу Америкэм ягъакIуэхэм ТIали яхэхуащ. Мо щIалэхэр унагъуэ-унагъуэкIэ хагуэшауэ арат. ТIалэ бысым къыхуэхъуахэр апхуэдизкIэ гуапэу къыхущытати, къэкIуэжа нэужь, абыхэм я фэеплъу, и бысымхэм я къуэмрэ я пхъумрэ я цIэхэр езым и къуэмрэ и пхъумрэ яфIищыжауэ щытащ.

- Джонсон и шыпхъум хэт и цIэр? - соупщI.

- Альфридэ, дэ Фридэщ дызэреджэр.

- ТIалэ фызкъэмышэт иджыри, хьэмэ унагъуэт?

- Къишатэкъым, щIалэщIэу кIуат. Абы къикIыжа нэужь, Нартан къыщызэIуаха МТС-м и унафэщIым и къуэдзэу ягъэуващ. Арати, зэгуэкIуа хъыджэбзыр къишэри, а къуажэм дэтIысхьауэ щытащ.

Хьэгъэжей ТIалэ зэреджами, зэрылэжьами, Хэку зауэшхуэм зэрыщызэуами теухуауэ хъыбар мымащIэ итщ ди пащхьэ илъ тхылъым. Нэщхъеягъуэу абы къыхэхуэр зыщ - псэун щIэзыдза щIалэр зауэм зэрыхэкIуэдарщ. Сабийхэр къэжэпхъа къудейуэ, Зузи и лIым щыкIэлъыкIуэжым, зэдэлъхузэшыпхъур я анэ шыпхъум къыхуэнащ.

***Къарэмызэ (Хьэгъэжей) Альфридэ** игу къегъэкIыж:*

«Лей къыттехьауэ схужыIэнукъым, ди анэ шыпхъум дипIащ, мамэкIэ деджэрт. Зыри дыхуигъэныкъуакъым, зауэ нэужь зэманым зи сабиигъуэр ирихьэлIа псоми дарещхьт дэри. Ауэ Джон сызэрыцIыкIу лъандэрэ мелыIычхъумакIуэм хуэдэу къысщхьэщытащ. Нобэр къыздэсым си дэлъхум шыпхъу нэхъыщIэ цIыкIунитIэу сикъыщыхъуу къысфIощI, Iей псоми сыщихъумэн хуейуэ, и нэIэ стригъэкI мыхъуну къыфIэщIу. Алыхьым сыт щыгъуи фIыщIэшхуэ хузощI апхуэдэ дэлъху къызэрызитам папщIэ».

Хьэгъэжей Щэлэуат

Хьэдил и тхылъыр Лашынкъей къуажэм е Хьэгъэжейхэ я лъэпкъым хухэхауэ щытамэ, хъыбар гъэщIэгъуэнхэр нэхъыбэж хъуну къыщIэкIынт. Ауэ «Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр хуэфащэ дыдэу и чэзум зыфIаща Хьэгъэжей Джонсон и цIыху щIыкIэр, псоми далъагъуу щыта и унафэщI Iэзагъымрэ Iуэху зехьэкIэмрэ къежьапIэ хуэхъуа и бгырыс хьэлыр къыздикIар зэбгъэщIэну ухуежьэмэ, жэуапыр ТIалэ и адэ, ди псэлъэгъу Хьэдил и адэшхуэ Хьэгъэжей Щэлэуат деж йокIуэлIэж.

- Зэкъуэшхэр жыджэрхэт, - пещэ Хьэдил ди уэршэрым. - Нэхъыжь дыдэр Лашынкъей колхозым и унафэщIу щытащ, мыдрей и къуэшыр Аушыджэр колхозым и унафэщIт... НэхъапэIуэкIэ дгъэзэжмэ, Жэпуэгъуэ революцэр къэхъея нэужь, ар занщIэу къэзыщтахэм ящыщакъым ди япэ итахэр. Уеблэмэ си адэшхуэмрэ Къалмыкъ БетIалрэ зэпэщIэуващ щытащ зызэман. Зэкъуэшхэм зэфIэкIышхуэ ябгъэдэлът, тхьэмыщкIэтэкъым. Арати, мо зызыхъуэжа унафэ зехьэкIэр ямыдэу, си адэшхуэмрэ абы и къуэш-ныбжьэгъухэмрэ абрэдж зэрыгъэхъухэри, мэзым щIыхьэжауэ щIэст. Махуэ гуэрым Къалмыкъ БетIал зи пашэ революционерхэр властым пэщIэтхэр зэтедукIэнущ жаIэри мэзым щIыхьахэщ, Iэщэ яIыгъыу. АрщхьэкIэ я гугъам щыщымыIэу, Щэлэуат и гупым езыхэр гъэру яубыд. Си адэшхуэм БетIал ицIыхуртэкъым, къиубыдар хэтми ищIэртэкъым. ЩIэупщIэу, Iуэхур зыIутыр къыщищIэм, абрэджхэр зэхэтIысхьэри зэчэнджэщахэщ. Совет властыр нэхъ лъэрызехьэ хъуат, цIыхухэм ар нэхъ къыхахырт. Здэчэнджащэм, мыпхуэдэу йогупсыс Щэлэуатрэ и ныбжьэгъухэмрэ: «Уэлэхьи, Къалмыкъ БетIал дукIкIэ, властыр къутэжа мыхъуну. Я унафэ зехьэкIэм кIуэ пэтми къару нэхъ къещтэри, ар икIи къытхуамыгъэгъуну». Арати, Къалмыкъ БетIал къаутIыпщыж. Лашынкъей а хъыбарыр зыщIэжхэр иджыри дэсщ. ТIэунейрэ къэкIуащ жи Къалмыкъ БетIал, мэзым къыщIэкI, Iэщэр гъэтIылъи, къулыкъуи къинэмыщIи уэстынущ, уэ пхуэдэ лIыгъэ зыхэлъщ сэ сызыхуэныкъуэр, къыжриIэу. Уи ныбжьэгъухэри Совет властым тележьэну дызэгурыгъаIуэ, жыхуиIэу. Зыкъомрэ и фIэщ ищIакъым, зэхихыжхэм гуитIщхьитIу къагъанэрти. ЕтIуанэу къыщыкIуэм, шэсыпIэ быдэ къритри, си адэшхуэр мэзым къыщIэкIыжауэ щытащ.

«Гушхуэныгъэ зэIэпах»

Хьэгъэжей Хьэдил зыхуеджа IэщIагъэкIэ Iэщ дохутырщ. Перестройкэм и зэманым зи IэщIагъэ зымыхъуэжа куэд зэрыщымыIэм хэти щыгъуазэщ. Норильск щыщылэжьаи, Урысейм ухуакIуэ IуэхущIапIэ къыщыщызэIуихаи, нэгъуэщI хэкIыпIэ гуэрхэм зыщрипщытаи къыхуихуащ. Мыр къыщIыхэдгъэщыр Хьэгъэжей Джонсон теухуа тхылъыр зэригъэхьэзыра щIыкIэр наIуэ хъун папщIэщ. Хьэдил фIыщIэ яхуещI ар къеджэгъуафIэу, апхуэдэ жыпхъэм ит тхылъыр зэрытыпхъэ мардэм нэсынымкIэ къыдэIэпыкъуа Котляров Виктор, Толгуров ТIахьир, Гуртуев Расул сымэ, тхылъым игъуэта теплъэ екIур къезыта тедзакIуэ, «Принт» центрым и унафэщI Бекъул Iэниуар. Iуэхум нэхъ гугъу дыдэу хэтыр ар къыдэкIыныр езы Джонсон егъэдэнрати, ар Хьэдил къызэрехъулIам дрищыхьэтщ. Гу зылъытапхъэ: Джонсон къигъэщIа илъэс 86-м нэхъ гукъинэжу хэтхэр, цIыхум ящIэну щхьэпэхэр зэрыхуа мы къыдэкIыгъуэм зы псалъи хэткъым дэфтэррэ цIыху щыхьэткIэ тегъэщIапIэ имыIэу.

Ди уэршэрым зи цIэ къыщитIуэ я нэхъыжьхэм я деж щегъэжьауэ, Джонсон IэнатIэм къыпэрыкIыжу зыгъэпсэхупIэхэр зэригъэпэщыжын щыщIидза лъэхъэнэм пщIондэ, абы и лэжьэкIэри, и хьэлри, и унафэ щIыкIэри, и Iуэху тегушхуэкIэри уи нэгум къыщIигъэхьэу зэхигъэуващ Хьэдил и къуэшым теухуа хъыбархэр. Хьэгъэжей Джонсон и цIэр къыщипIуэкIэ, япэу уи нэгум къыщIэувэр УФ-м и Президент Путин Владимир и гъуазэу, шахтэм «щIыкъатиблкIэ» ехауэ щызекIуэ лIы лъэрызехьэрщ. Хлопонин Александр, Потанин Владимир, Томенкэ Виктор, Новак Александр... Зи цIэхэр щIэх-щIэхыу зэхэтх къулыкъущIэшхуэхэр Хьэгъэжейм и IэбэкIэм зэрыщIэхъукIар, ар я гъуэгугъэлъагъуэу къызэралъытэр къыхощ цIыху цIэрыIуэ куэдым я гукъэкIыжхэм:

***Новак Александр**, УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ (2020 гъэм къыщыщIэдзауэ нобэм къэс), УФ-м энергетикэмкIэ и министр (2012 - 2020), финансхэмкIэ министрым и къуэдзэ (2008 - 2012), Красноярск крайм и губернаторым и къуэдзэ (2002 - 2007), «Норильск никель» комбинатым Лэжьыгъэмрэ улахуэмкIэ и управленэм и унафэщI (1999 - 2002):*

«Шэч закъуи къытезмыхьэу жызоIэ: сэ лэжьэкIэ зезгъэсэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ «Норильск комбинат»-м и унафэщI нэхъыщхьэу а зэманым щыта Хьэгъэжей Джонсон ТIалэ и къуэм. Жэуаплыныгъэ зэрыпхэлъыным, Iуэхум узэрытегушхуэным, хэкIыпIэ хахуэхэр къызэрыпщтэным сыхуригъэджащ абы, а псом къадэкIуэу - уимыкIуэту, уи унафэм щIэтхэм я къалэныр ебгъэгъэзэщIэным. Абы хуэдэу щIалэгъуалэм фIыкIэ щыгугъарэ къулыкъу лъагэхэр абыхэм дзыхь яхуэзыщIарэ щылэжьакъым «Норильск комбинат»-м».

***Текслер Алексей**, Челябинск областым и губернатор:* «Сэ IэщIагъэлI, унафэщI сыхъунымкIэ нэхъ сызыдэплъеяхэм язщ Хьэгъэжей Джонсон ТIалэ и къуэр».

***Хлопонин Александр**, «Норильск никель» IуэхущIапIэм и унафэщI нэхъыщхьэ (1996 - 2001), УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIа (2010 - 2014):* «Лэжьэн щыщIэздзэм, псоми хэсщIыкIыу зыкъысщыхъужырт. Джонсон зэзгъэцIыхуа нэужь, ар зэрымыпэжыр къызгурыIуащ. ПщIэшхуэ хузощI, фIы защIэкIэ сигу къызогъэкIыж, куэдым сригъэсащ, зи IэщIагъэм абы хуэдэу хэзыщIыкI срихьэлIакъым».

***Потанин Владимир**, политик, «Интеррос» холдингым и унафэщI:*

«Хьэгъэжей Джонсон ТIалэ и къуэр «Норильск никель»-м къигъэзэжыну арэзы зэрыхъуам дэ псори егъэлеяуэ дригъэхъулIат».

Iуэху зехьэкIэр

Нобэрей щIэблэр Iуэхум тегушхуэгъуейуэ, езыхэри хамэгу-хамащхьэу гъащIэм зэрыхэтыр ди нэгум щIэкI къудейкъым, психологхэри топсэлъыхь. ХэкIыпIэу къагъэлъагъуэр зыщ: щIалэ цIыкIум лIы къыхэкIын папщIэ, ар адэм е абы и пIэ къиувэ хъулъхугъэм игъэсэн хуейщ. Ауэ щыхъукIэ, ямыгъуэту жыхуаIэ Iэмалхэр адыгэ гъэсэныгъэм хьэзырыбзэу хэтщ. «Зэкъуэш псори ижькIэ къекIуэкI хабзэ тKIийм щIапIыкIат, пцIыи пхэнжи ягу техуэнкIэ Iэмал имыIэу, - щетх Хьэдил и адэмрэ абы и къуэшхэмрэ щатепсэлъыхькIэ. - ЦIыхухъу унафэм зэрыщIапIыкIар я гъэсэныгъэм Iупщу къыхэщырт».

Джонсон и Iуэху зехьэкIэм щытепсэлъыхькIэ, Хьэдил къыхегъэщ абы «и пщэ къыдалъхьэ къалэныр нэхъ гугъуху, езым нэхъ гъэщIэгъуэну къилъытэу» зэрыщытар. УнафэщI IэнатIэу зэрихъуэкIахэмрэ и зэфIэкIым и хьэтыру къэралым зэригъэлъэпIа саугъэтхэмрэ ящхьэдэхыжауэ, абы «Iуэху зэхэзэрыхьар зэхэзыхыжыф унафэщI» («кризис-менеджер») цIэ лейр къыкIэрыпщIат, къыщIикIуэтыни, Iэмал къызыхуимыгъуэтыни, и лъэр щIэзыхын щхьэусыгъуи хуамыгъэфащэу.

Норильск къалэм дэт «Надежда» гъущIхэкI заводыр къызэриIэтыжам, СССР-м гъущIхэкI зэмыфэгъухэр къигъэIурыщIэным хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ, 1985 гъэм Хьэгъэжей Джонсон къыхуагъэфэщауэ щытащ «Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр. Мэзкуу щагъэлэжьэн я мураду, СССР-м ГъущIхэкI зэмыфэгъухэмкIэ и министерствэм 1986 гъэм щагъэкIуам щыгъуэщ Хьэгъэжейр илъэс 11-кIэ зыгъэпсэхугъуэ пIалъэр къыIимыхыу и IэнатIэм зэрыпэрытар наIуэ къыщыхъуар. Аркъудейр щапхъэу пхурокъу абы и Iуэху бгъэдыхьэкIэр къыбгурыIуэн папщIэ.

Дзэ Iуэху хэхам и мыхьэнэм щытепсэлъыхькIэ, УФ-м и Президентым къыхигъэщ зэпытщ къэралыр кIуэ пэтми экономикэ и лъэныкъуэкIэ и щхьэ и унафэ ищIыжу зэрыхъур. Хьэгъэжей Джонсон япэ лъэбакъуэр щичу иужькIэ зи унафэщI нэхъыщхьэ хъуа, Урысейм гъущIхэкI лъапIэхэмрэ зэмыфэгъухэмрэ и къыщIэхыпIэ нэхъыщхьэ «Норильск никель»-р къэралым и экономикэм лъабжьэ хуэхъу IуэхущIапIэт. Совет зэманым зыхилъхьа къулыкъу зехьэкIэр ирихьэлIэрт Хьэгъэжейм и пщэ къыдалъхьэ IэнатIэ псоми. Лъэбакъуэ зырызу кIэлъоплъыж Хьэдил и къуэшым къикIуа гъуэгуанэм. Завод кIуэцIрыхуахэр къиIэтыжу, IуэхущIапIэ щIэрыпсхэр къызэIуихрэ абыхэм я хъуреягъкIэ къалэ хьэблэшхуэ зэIузэпэщхэр иухуэу, и лэжьакIуэхэр зыхэпсэукIыпхъэ мылъкум темыплъэкъукIыу, хъуэпсэгъуэу ирикIуащ Хьэгъэжейр и гъащIэ гъуэгум. ЖыпIэжыну щIэбдзэмэ, и кIэм унэплъысынукъым абы псапэхуэщIэу къыхилъхьа жэрдэмыфIхэм я хъыбарым. Зыгуэр щахузэфIэмыкIым деж, зэманыр ягъэкъуаншэ. Хьэгъэжей Джонсон сыт хуэдэ лъэхъэнэми, дэтхэнэ IэнатIэми Iэмал щигъуэтащ и унафэм щIэтхэм сылэжьарэт жаIэн хуэдэу, я псэукIэри къызэригъэпэщыну. Норильск дэт комбинатым щызэтриублауэ щыта, иужькIэ «мамэ цIыкIухэр» зыфIаща Iэмалым и закъуэ щапхъэу урикъунщ, я сабийхэр школым кIуэху, анэ щIалэхэр улахуэ къахьу дагъэсу къызэрырригъэжьар. НыбжьыщIэхэр мыхъумыщIагъэм иубыдрейуэ гу лъата нэужь, Норильск кадет школ щригъэухуэри, еджакIуэхэри щIигъэтIысхьэжауэ щытащ, гъэсэныгъэм гулъытэ нэхъыбэ иратын хуэдэу.

Хъыбар щхьэхуэ пщIыну хуэфащэщ Хьэгъэжейр «тIысыжа нэужь» зэлэжьын щIидза зыгъэпсэхупIэхэр. Мы псалъэ зэпхар кавычкэм щIыдэдгъэувар Джонсон зыгъэпсэхукIэ зэримыщIэххэрт. ИпэжыпIэкIи цIыхур зыхэпсэукIыр и лэжьыгъэрщ. Зыри фIыкIэ зыщымыгугъыж IуэхущIапIэ никъуэкъутэхэм зарипщытырти, Хьэгъэжейм ар «къопсэлъэным хуэдэу» зыщIэлыдэу иутIыпщырт. Апхуэдэщ абы Сочэ къыщызэригъэпэща «Аквалоо» зыгъэпсэхупIэри, абы и Iыхьэ хъуа Кисловодск дэт «Нарзан хьэмэмхэри», «Белая вежа» санаторэри, къинэмыщIхэри.

Сызыгъэпсэур лэжьыгъэрщ

Тхылъыр мы гъэм щIышылэ-мазаем хьэзыр хъуат, Хьэдил зэрыжиIэмкIэ. Езы Джонсони узыр нэхъ къыщеIар а лъэхъэнэрщ. Ауэ тхыгъэ псоми еджауэ, итымкIэ арэзы хъуауэ апхуэдэт. Щыпсэур Сочэт, ауэ Кисловодск къэIэпхъуэжауэ дэсти, нэхъыфI къэхъужри, лэжьэни щIидзэжат. И ныбжьыр здынэсам, зэIущIэхэр иригъэкIуэкIырт, псоми хуэнабдзэгубдзаплъэт. Езыми жиIэрт: «Сэ сиIэр уощIэ, Хьэдил, мы къомым сыхуэныкъуэкъым. Ауэ сымылажьэмэ, си Iуэхур щIагъуэ зэрымыхъунур къызгуроIуэ. Лэжьыгъэращ сэ сызыгъэпсэур».

Дохутыр щызэзгъэплъынщ жиIэри, Мэзкуу яшат, ауэ абыи щыпэлъэщакъым.

«Хъунщ, тхылъри хъарзынэщ, и теплъэри дахэщ, ауэ сыт мыр зэрыпщIынур ? Хэт хуейр мы тхылъым?» - жиIэрт езым, игу къегъэкIыж Хьэдил. «Япэрауэ, Лашынкъей дэт школым уи цIэр фIащащ, - жесIащ. – Уэрамым уи цIэр зэрехьэ. Мы тхылъыр дунейм къызэрытехьэу, 9-нэ, 11-нэ классхэм къыщIэкIхэм аттестатым и гъусэу естыну си мурадщ, ухуейми дэ, ухуэмейми умыдэ». Идат, фIэфI дыдэу. Школым дэIэпыкъуэгъушхуэ хуэхъуащ. Сочэ дэт «Аквалоо» зыгъэпсэхупIэм «Илонэ» жеIэри сабийхэм я узыншагъэм щеIэзэ центр хэтщ, хы Iуфэм бгъэдэтыпэу. И цIэр школым зэрыфIэтщрэ, зы илъэс къэмынэу, сабий 40-м щIигъу, егъэджакIуэхэр я гъусэу, илъэс къэс абы ишэурэ, езым и ахъшэкIэ заригъэгъэпсэхурт, школым сом мелуан хухигъэкIырт. ФIыуэ еджэхэм, егъэджакIуэхэм ахъшэ саугъэт яритырт. Къатищу зэтет школ унэм щхьэгъубжэу хэлъыр пластикым къыхэщIыкIа защIэкIэ зэрыригъэхъуэкIащ. Школыр къэзыухуреихь бжыхьыр нэхъыфIкIэ ихъуэжащ. Мурадышхуэхэр иIэт школым теухуауэ. «СримыукIытэжын хуэдэу, хуэсщIапхъэр хуэсщIэнущ», - жиIэрт.

Мэкъуауэгъуэм и 27-м школыр къэзыухуахэр къыщIагъэкIакъэ? УнафэщIми, егъэджакIуэхэми тыгъэ яхуэтщIащ, аттестатым и гъусэу сабийхэм еттащ тхылъыр. Я гуэныхь сыхуейкъым, Джонсон дунейм щехыжам щыгъуэ, жьэрымэ нэгъунэ хуагъэуащ егъэджакIуэхэм, адыгагъэ ябгъэдэлъщ, Тхьэр арэзы къахухъу».

Тхылъым уеджа нэужь, шэч къытумыхьэу пхужыIэнущ: и къуэшым и гъащIэ гъуэгур къыздигъэлъагъуэм, Хьэдил хузэфIэкIащ абы цIыхугъэм и щапхъэу далъэгъуахэм темыплъэкъукIын. Абы ихуа хъыбархэр къыдэлэжьахэми жаIэжыфыну къыщIэкIынт, ауэ Лашынкъей мэз лъапэхэм къущхьэмыщх къыщызылъыхъуа щIалэ цIыкIур къэралым и ищхъэрэ щIыналъэм IэщIагъэлI, унафэщI, къулыкъущIэ лъэрызехьэ щыхъун хуэдэу, абы адэжь щIыналъэм здрихар Хьэдил хуэдэу зыми къыхуэгъэлъуэгъэнутэкъым. Арагъэнщ зи псалъэр тIу ямыщI, дэIэпыкъуэгъу жыIэщIэ зи мымащIэ езы Джонсон а къалэн гугъур и къуэшым дзыхь щIыхуищIар. Хьэгъэжей лъэпкъми, Лашынкъей къуажэми, адыгагъэ щыпкъэми я къарур щызэхуэхьэсащ «Гушхуэныгъэ зэIэпах» тхылъым. Къуэш гумащIагъкIэ гъэнщIа сатырхэр гум щIэхуэбылIэри аращ.

Епсэлъар **ЧЭРИМ Марианнэщ.**
Сурэтхэр зейр **Бицу Жаннэщ.**

Ди университетыр къыхэфх!

Курыт еджапIэр къэбуха нэужь, адэкIэ уи щIэныгъэм щыхэбгъэхъуэн еджапIэр къыхэпхыныр гъащIэм и зы Iыхьэ нэхъыщхьэщ, къалэн инщ. Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр цIыхум и зыужьыныгъэмкIэ, лъэ быдэкIэ гъащIэм хэувэнымкIэ, студентыгъуэ дахэ иIэнымкIэ егъэджэныгъэ IуэхущIапIэ лъэщщ. Абы студентхэм къащыпэплъэр иджырей мардэхэм тету щIэныгъэ зрагъэгъуэтын къудейкъым, атIэ академическэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр, иджырей Iуэху зехьэкIэхэм я купщIэр, студент зэкъуэшыныгъэ нэсым и IэфIагъыр щызэхуэхуэна университет щэнхабзэ телъыджэщ. ЩIэныгъэм IэщIагъэлI Iэзэ узэрищIыр, курсым щIэсхэр игъащIэ псокIэ ныбжьэгъу зэрызэхуэхъур флъагъуну фыхуей? Абы щыгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым фыщIэтIысхьэ!

Гухэр зэзышалIэ гимн

КъБКъУ-м и дэтхэнэ студентми мыбы япэу щызыхищIэр зыми емыщхь зэкъуэтыныгъэмрэ зыщIэс еджапIэ нэхъыщхьэм зэрырыгушхуэмрэщ. Фи нэгу къыщIэвгъэхьэт: Сокъур Александр и цIэр зезыхьэ киноконцерт пэшыр. Абы зи нэхэр лыду щызэхуэс студент щэ бжыгъэхэм я макъымкIэ гимныр ягъэзащIэу. Ар КъБКъУ-м щIэтIысхьэ дэтхэнэми, езым ейуэ къыщыхъуж, унэ етIуанэ хуэхъу, абы хуищI лъагъуныгъэм и джэрпэджэжщ.

КъБКъУ-м и гимным къегъэлъагъуэ ар студент зэкъуэшыныгъэм и хэщIапIэу, гушхуэныгъэм и дамыгъэу зэрыщытыр. Студентхэм университетымрэ щалъхуа щIыналъэмрэ хуаIэ лъагъуныгъэмкIэ гъэнщIа уэрэдым и псалъэхэр дэтхэнэ ныбжьыщIэми и гум йотIысхьэ, еджапIэ нэхъыщхьэм щагъэкIуа илъэс гуимыхужхэм я джэлэс мэхъу.

«Уи макъым гу мин бжыгъэхэм я къеуэкIэр щызэхызох...» - а сатырхэм къагъэлъагъуэ университетыр зэрыиным и мызакъуэу, дэтхэнэ студентми къуэлъ къарур, зэфIэкIыр. КъБКъУ-м щекIуэкI студент зэкъуэтыныгъэр щIэблэхэр зэзышалIэ хабзэ дахэщ.

Студент актив: гупсысэхэмрэ ехъулIэныгъэхэмрэ я гуп!

Студент гъащIэр лекцэхэмрэ семинархэмрэ я закъуэкIэ зэхэткъым. Ар къэхутэныгъэхэм, цIыхугъэщIэхэм, гупсысэ телъыджэхэр гъащIэм хэпщэным я зэманщ. КъБКъУ-м ахэр зэбгъэхъулIэнымкIэ Iэмал псори къыщызэгъэпэщащ.

Форумхэр, конференцхэр, концертхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр, волонтёр акцэхэр, нэгъуэщI Iуэхугъуэ куэди зэхашэ студентхэм. Ахэр шынэркъым жэуаплыныгъэ я пщэ далъхьэжынкIэ, гупсысэщIэхэр къыхалъхьэнкIэ, ахэр пхагъэкIынкIэ. Студент активыр гуп зэкъуэт къудейкъым, атIэ дэтхэнэми дэIэпыкъуныгъэ щигъуэт унагъуэщ.



Махуэшхуэхэр

КъБКъУ-м щекIуэкI махуэшхуэхэр махуэгъэпсым хэтхэм я закъуэкъым икIи ахэр къызэрыгуэкI зэхыхьэкъым, атIэ студентхэр, егъэджакIуэхэр, къэзыухахэр зэзышалIэ IуэхугъуэшхуэщI. ГуфIэгъуэ къэс гуимыхуж мэхъу студентхэм я зэфIэкIымрэ Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэхэмкIэ утыкур зэрагъэбжьыфIэр.

Зэчий гъунапкъэншэ

Гъуазджэр, щIэныгъэр, спортыр, еджэныгъэр - сыт хуэдэ унэтIыныгъэ къыхэпхми емылъытауэ, сыт щыгъуи зыкъыпщIагъэкъуэнущ, уи зэфIэкIри утыку къипхьэнымкIэ сэбэп къыпхуэхъунущ. Мыбы щеджэхэр грант зэпеуэхэм щытокIуэ, технологиещIэхэр зэхалъхьэ, дунейм зрагъэужь.

КъБКъУ-р къызэрыпщыхъум нэхърэ нэхъ лъэщщ

Урысейм и Топ-100: КъБКъУ-р къэралым и еджапIэ нэхъыфIу 100-м ящыщщ! Ар егъэджэныгъэм и фIагъыр зэрылъагъэм и щыхьэтщ. Мыбы хэтщ институти 9, академиеу 1, колледжу 4. Университетым къыщагъуэтынущ технархэми, гуманитариехэми, IэпэIэсэхэми, спортсменхэми я IэщIагъэр! Уигу ирихь унэтIыныгъэр къыхэх къудей!

Урысей псом щыщ студенту 20000-м щIигъу, хамэ къэрал 40-м къикIа ныбжьыщIэу 2000 щоджэ! КъБКъУ-м гъащIэр «къыщокъуалъэ», зэшыгъуэ хъунукъым!

Абы къыщызэрагъэпэщ форумхэм къыщызэхуос щIэныгъэлIхэр, хьэрычэтыщIэхэр, политикхэр, щэнхабзэм и вагъуэхэр!

УпщIэ псомкIи еджапIэ нэхъыщхьэм и приёмнэ комиссэм зыхуэвгъазэ хъунущ: +7 (8662) 42-27-79. Ар мэлажьэ: блыщхьэщэбэт махуэхэм, сыхьэти 9:00-18:00-хэм къриубыдэу.

ХэщIапIэр: Чернышевскэм и уэрам, 173 (КъБКъУ-м и корпус нэхъыщхьэ).

Зыгъэхьэзырар
ШЭРIУЖЬ Даянэщ.

Дунейм щыхъыбархэр

Зэкъуэтыныгъэм и щапхъэ

«УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэм зэкъуэтыныгъэм и щапхъэ дуней псом едгъэлъагъун хуейщ. ИкIи, хэхыныгъэхэм емылъытауэ, ди къарур къэралым и зэIузэпэщыгъэм хуэдунэтIыпхъэщ. Апхуэдэ хэхыныгъэ куэд щыIэнущ, ауэ ди къэралыр зыщ. Аращи, ди щхьэ текIуэныгъэм дегупсысурэ къэралым ди зэран зэредмыгъэкIыным дыхущIэкъупхъэщ», - жиIащ Урысейм и хабзэубзыху IэнатIэ нэхъыщхьэм и унафэщI Володин Вячеслав.

АПХУЭДЭУ УФ-м и Къэрал Думэм и тхьэмадэм фракцэ псоми захуигъэзащ къэнэжа зэманым къриубыдэу Урысейм парламентым къыбгъэдэкI дэIэпыкъуныгъэ игъуэтын папщIэ яхуэзэфIэкIыр ящIэну, депутатхэр къыхуриджащ дзэ Iуэху хэхам щыIэхэр зыри хуэмыныкъуэу къызэгъэпэщынымкIэ я хьэкъ къамыгъэнэну.

«Нэхъапэми хуэдэу, Урысей Федерацэм и Президентым щIэгъэкъуэн дыхуэвгъэхъу, щхьэпагъ зиIэ хабзэхэр къэтщтэн папщIэ егупсысауэ Iуэхум и ужь дивгъэт. Къытщыгугъ цIыхухэм дадэIэпыкъун хуейщ», - къыхигъэщащ Володиным.

ЩIэпхъаджащIэхэм япэщIэту

УФ-м и Правительствэм къыщызэрагъэпэщащ киберщIэпхъаджащIэхэм япэщIэтынымкIэ опершаб. Абы и унафэщIщ Урысейм и Правительствэм и вице-премьер Григоренкэ Дмитрий.

ШТАБЫМ и лэжьыгъэр хуэунэтIауэ щытынущ гъэпцIагъэхэр зэрызэрахъэ щIыкIэр псынщIэу къэхутэным, онлайн-щIэпхъаджагъэм зэрыпэщIэт Iэмалыщ Iэхэр зэхэлъхьэным. Iуэхум жыджэру хэтынущ хабзэхъумэ IэнатIэхэр, Урысейм и Банкыр, зэпыщIэныгъэхэмкIэ операторхэр, бжыгъэ платформэхэр, нэгъуэщI IэнатIэ зэхуэмыдэхэр.

Оперштабыр киберщIэпхъаджащIэхэм япэщIэтыным хуэунэтIауэ къыхалъхьа жэрдэм нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ. Абы и лъэныкъуэкIэ УФ-м и Правительствэм игъэзащIэ Iуэхугъуэхэм сэбэпынагъышхуэ кърикIуащ: 2026 гъэм и япэ мазитхум хъыбарегъащIэ технологиехэр къагъэсэбэпу ялэжьа щIэпхъаджагъэхэм я бжыгъэр процент 31-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ.

Бадзэуэгъуэм и 9, *махуэку*

♦**1917 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къардэн Къубатий**.

♦**1931 гъэм** къалъхуащ АР-м и цIыхубэ усакIуэ, драматург, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бэрэтэр Хьэмид**.

♦**1932 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI Iэзэ, СССР-м и Художникхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Хьэжу Руслан**.

♦**1941 гъэм** къалъхуащ адыгэ еджагъэшхуэ, ботаник, жылагъуэ лэжьакIуэ **Хьэкъун Барэсбий**.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Беслъэней Чэмал**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхъунущ. Щым и малъхъэдис щытыкIэм балли 5-кIэ зихъуэжынущ.

Бадзэуэгъуэм и 10, *мэрем*

♦**1922 гъэм** къалъхуащ КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ, Абхъазым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэнфэн Алим**.

♦**1931 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и юрист **Щоджэн Iэбу**.

♦**1932 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Срыкъуэ ХьэмщIасэ**.

♦**1934 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Ибрэхьим Хьэмзэт**.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Сэбаншы Хъусен**.

♦**1966 гъэм** къалъхуащ КъБР-ми КъШР-ми щIыхь зиIэ я артисткэ **Шэрджэс Iэсият**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 29-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыхъунущ. Щым и малъхъэдис щытыкIэм балли 5-кIэ зихъуэжынущ.

Къытхэхъуащ

Вэсэмахуэ республикэм къыщалъхуащ сабий 18: 10-р хъыджэбз цIыкIущ, 8-р щIалэщ.

Дыгъуасэ - сабий 16: 10-р хъыджэбз цIыкIущ, 6-р щIалэщ.

Бадзэуэгъуэм зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 200, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 4576-рэ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

ЛъэпкъI Iущыгъэ:

Унэ къыбдимысарэ гъусэ къыпхуэмыхъуарэ я хьэл пщIэркъым.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Зи гъащIэр щIэныгъэм щхьэузыхь хуэзыщIа

Ди лъэхъэнэм и 4-5-нэ лIэщIыгъуэхэм я зэпылъыпIэм, Урым пащтыхьыгъуэр щызэпкърыхужым ирихьэлIэу, псэущ Гипатие цIыхубз телъыджэр (370 - 415 гъэхэм). Ар математикэмкIэ, астрономиемкIэ, философиемкIэ щIэныгъэрылажьэу щытащ, математикэм и профессор Александрийскэ Теон ипхъут.

ГИПАТИЕ и теплъэкIи, и дуней тетыкIэкIи, и хьэлкIи цIыхубз дахэу, гуакIуэу щытащ. Уеблэмэ тхьэIухудт.

Гипатие и адэр Александрие библиотекэм щылажьэрт, щыпсэурти, и пхъур тхылъ бжыгъэншэхэм къаухъуреихьу къэтэджащ. Теон и пхъум сыт хуэдэ щIэныгъэ и лъэныкъуэкIи зэрызригъэужьыным хэту, езым ищIэр хъыджэбзым бгъэдилъхьащ. Япэ дищу къыхэдгъэщынщи, Гипатие александрие щIэныгъэрылажьэхэм я иужь дыдэу къыщIэкIащ... Абыи тхыдэ щхьэхуэ иIэщ.

Дунейм, хьэршым я зэхэлъыкIэр къитIэщIыну пщэрылъ зыщищIыжат пщащэм. И зэманри, къарури, гъащIэри щIэныгъэм щхьэузыхь хуищIыну мурад ищIри, Гипатие зэи дэкIуакъым, быни иIакъым, еджэным зи гур хуэкъабзэ гъэсэн и куэдти, абыхэм ядэлажьэу псэущ.

Гипатие илъэс 20 хъууэ арат мусейоным егъэджакIуэу къыщащтам! ЩIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ пщащэ Іущыр мыгувэу дуней псом цIэрыIуэ щыхъуащ, неоплатонизмэм и философиемрэ математикэмкIэ иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэмкIэ. Гипатие и цIэр Европэмрэ Азиемрэ щызэхахати, цIыхубз телъыджэм деж я щIэныгъэм щыхагъэхъуэну хъуапсэу щIалэгъуалэ бжыгъэншэхэр къакIуэрт.

Ауэрэ, чыристан диныр Мысырым нэсащ. ЗэрытщIэщи, диныр цIыхухэм Іэщэкlэ къарагъащтэу арат а зэманым. Езы Гипатие зэрыщIэныгъэрылажьэм къыхэкIыу, фIэщхъуныгъэр къищтэфакъым, зытекIуэдэжари аращ. Гипатие итха тхылъхэри яхэту, Александрие библиотекэм щIэлъа тхыгъэ бжыгъэншэхэм мафIэ щIадзэри, чыристан диным и лэжьакIуэхэм ягъэсауэ щытащ. Языныкъуэ щIэныгъэлIхэм, тхыдэджхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, Гипатие и гъэсэн гуэрым итхьэлэжауэ аращ, диным и лэжьакIуэхэм псэууэ яIэрыхьэмэ, лIэкIей къыхуагупсысынути. Ауэ, закъуэтIакъуэми жаIэ, цIыхубзыр диным итхьэкъуа, Кирилл Александрийскэм игъэIуща гупым яIэрыхьэу, гущIэгъуншэу яукIауэ. Гипатие и хъыбархэр нобэм къэсынутэкъым, абы теухуахэр и гъэсэнхэм ямытхыжатэмэ.

Ар цIыху гуапэу, щабэу, Іущу щытауэ жаIэжырт абы иригъэджахэм. Уеблэмэ, Александрийскэ библиотекэм мафIэ щIадзауэ щисым, щIэныгъэлIхэр зэбгрыжырт, загъэпщкIурт. Ауэ Гипатие и щхьэ къыфIэмыIуэхуу, тхылъхэр мафIэм къыхихыну библиотекэм щIэлъэдат.

Гипатие хьэршым и зэхэлъыкIэр джыным телажьэу щытащ, икIи, зэрыхуагъэфащэмкIэ, Щ!ым и орбитэр хъурей мыхъуу, хъурей хэшауэ зэрыщытыр япэу къэзыхутар аращ, ауэ а къэхутэныгъэр хэIущIыIу ищIыну хунэсакъым. Гипатие щаукIам илъэс 45-рэ хъууэ арат.

Сабиигъуэр цIыхум и хьэмтетыгъуэщ

Сабийр дунейм къыхэрытехьэу, игъащIэ псокIэ игъэзэщIэну къыпэщылъ лэжьыгъэм нэхърэ нэхъыбэ хузэфIокI. Араш щIэныгъэлIхэм иджыблагъэ къапщытар.

НЫБЭМ илъыху сабийм нэху илъагъуркъым, бауэркъым. Анэм бынжэкIэ епхарэ, и Іэпкълъэпкъым зиужьын папщIэ зыхуэныкъуэ псори абыкIэ езыр-езыру къыIэрыхьэу хохъуэ. Ныбэрылъыр дунейм къызэрытехьэу псоми зехъуэж...

И анэм и ныбэм къикIа нэужь, сабийм и япэрей дунеягъэ дакъикъэм кIриубыдэу езыр-езыру мэбауэу, и жьэр зэтрехри, мэкIий, анэм и бгъэм зэрыщIэфын хуейр къыгуроIуэ. Эволюцэр къапщтэмэ, абы илъэс мелуан бжыгъэ ихьын хуеящ, ауэ ар, зэчийм хуэдэу, сабийм къыдалъху. ЩIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIи, цIыхум илъэсищэ къигъэщIами, а зэман пычыгъуэм кIриубыдэу хуэлэжьынукъым сабий къалъхуагъащIэм зы дакъикъэм ищIэм хуэдиз!

Япэ секунди 10-м кIриубыдэу сабийр япэ дыдэ мэбауэ. Ныбэм илъыху абы и тхьэмбылхэр зэи бэуакъым, лэжьакъым, дунейм къызэрытехьэу зызэIуихыу аращ. Тхьэмбылым алъандэрэ ита псыр къокIри, сабийм жьы жьэдешэ. Абдежщ ар япэ дыдэу щыкIийри щыгъри. Куэдым я гугъэщ апхуэдэхэм деж сабийр шынауэ е гужьеяуэ гъыуэ. Ауэ ар пэжкъым. КъалъхуагъащIэхэр щIэгъыр – я тхьэмбылым жьы макIуэ, зызэIуехри, лэжьэн щIидзэу аращ. Сабийр нэхъ ину нэхъыбэрэ гъыху, тхьэмбылми нэхъыфIу зызэIуех.

Секунди 10-30-хэм гум и лэжьэкIэм зехъуэж. Нэхъапэм лъыр бынжэмкIэ лэжьамэ, зыхуей псори абыкIэ къыIэрыхьамэ, бынжэр паупщIри, гум езыр-езыру лъыр кIрихуэкIын, зэригъэкIуэн щIедзэ. ЩIыху-плъыжьыфэу дунейм къытехьа сабийм и щIыфэр тхьэмбылыфэ мэхъу, лъышэм (кислородым) Іэпкълъэпкъым зэрызриубгъуам и нэщэнэу. Дакъикъэ ныкъуэм кIриубыдэу гум и лэжьэкIэм зихъуэжыныр медицинэ и лъэныкъуэкIэ фIэщщIыгъуей гуэрщ.

Секунд 30-60-м деж сабийр мэкIий, бынжэр иджыри мэлажьэ. А дакъикъэм кIриубыдэу, сабийм игъащIэ псокIэ къыхуэсэбэпыжыну лъы ткIуэпсхэмрэ железэхэмрэ бынжэмкIэ къыIэрохьэ. Аращ бынжэр занщIэу памыупщIмэ щIэнэхъыфIыр.

Псом нэхърэ нэхъ гъэщIэгъуэныжращи, сабийм и анэр ецIыху. Абы ещIэ анэм и мэр, и гум и къеуэкIэр, ецIыху и макъыр. Ар ныбэм илъыху зыхищIащ а псори. Абы къыхэкIыу, сабийр дунейм къытехьа нэужь, япэ сыхьэтым анэм бгъэдамыхмэ нэхъыфIщ. Нэгъуэщ! мыхъуххэми, и ныбэм дакъикъэ зыбжанэкIэ трагъэлъыпхъэщ, и анэр щIыфэкIэ зыхищIэн папщIэ.

А псори псынщIэ дыдэу къэхъуу къыпщохъу, гу лъыптэхэркъым, къапщтэмэ. Ауэ а дакъикъэм хэлъщ эволюцэр илъэс мелуан бжыгъэкIэ зэлэжьа Іуэхугъуэ нэхъыщхьэр. Аращ лъхугъэр телъыджэу къыщIалъытэри.



● Гъэмахуэ хъупIэхэм

Бжьыхьэ кIасэ хъуху

Гъэм и хуабэгъуэр къызэрысу, Іэщыр къуршылъэ щIыпIэхэм нахусыныр бгырыс лъэпкъхэм лIэщIыгъуэкIэрэ къадекIуэкI Іуэхугъуэщ.

А ЩIЫКIЭМ тетущ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэухэм Іэмал зэрагъуэтыр щIыуэпсым и плъыфэ зэмылIэужьыгъуэу губгъуэхэм, мэзылъэ жьэгъухэм, бгыщхьэ тафэхэм къыщыкI удз зэмылIэужьыгъуэхэм къат къэуатыр зэгъуэкIыу къагъэсэбэпынымкIэ.

А зэблэхъукIэм ипкъ итущ гъэрэ щIырэ щызэхэкI гъатхэпэ мазэм къыщыщIэдзауэ Іэщыр тафэм зэрырагъэхьэр, гъэмахуэ хуабэм ирихьэлIэуи къуршхэм гъунэгъу зэрыхуащIыр.

АтIэми, тхыдэм щыщ хъужа зэман блэкIахэмкIэ деплъэкIыжмэ, бгылъэ хъупIэхэм Іэщыр нахусыным гугъуехьышхуэ пылъу щытащ, гъуэгуанэ жыжьэм зыщрихьэлIэ псышхуэхэм лъэмыж щIагъуэ зэрытемылъам, и кIыхьагъкIэ лъэпощхьэпоуншэу зрикIуэ хъун гъуэгу тэмэм зэрыщымыIам къыхэкIыу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Ветеринариемкlэ и управленэм хъыбар зэрыдигъэщIамкIэ, 2026 гъэм республикэм и гъэмахуэ хъупIэхэм щыхъуакIуэ Іэщышхуэм я бжыгъэр, псори зэхэту, мин 30,2-м нэблэгъащ, мэлрэ бжэну итыр мин 62-м нызэрохьэс, шыуэ щыхагъэпщыр мини 4,6-м щыщIигъуащ. А псори ирагъэзэгъащ щIыуэ гектар мин 30-м щIигъум. ІэщlагъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, мы къедбжэкIахэр гъэмахуэ лъэхъэнэм яшхын и лъэныкъуэкIэ къызыхуэтыншэу къызэгъэпэщынымкIэ ярикъунущ. Мыдрейуэ къыхэдгъэщынщи, щIымахуэ Іус къызытрах мэкъупIэхэм, псори зэхэту, гектар мини 8-м нэблагъэ къызэщIаубыдэ.

Къущхьэхъум Іэщыр дахын ипэ, дэтхэнэми узыншагъэ и лъэныкъуэкIэ я Іуэху зыIутыр ветеринархэм зрагъэщIащ, здэкIуам жэщмахуэ ямыIэу щыщIаплъыкIынымкIи я лэжьыгъэр щызэгъэуIущ.

Гъэмахуэ хъупIэхэм Іуэхугъуэ псори щызэтеублэным, ахэр зэрыщекIуэкIым лъыгъуэзэным ехьэлIауэ республикэм щызэхашащ а лэжьыгъэм пыщIа Іэнатlэхэр зэзыгъэуIуж штаб. Къущхьэхъур къыщагъэсэбэп мазэхэм ипэ бгылъэ щIыпIэхэм удэзыш гъуэгухэр къагъэщIэрэщIэжащ, ток кIапсэхэр зэпащIэжащ, Іэбгъэхэм тесхэм я псэукIэр зыгъэтынш Іуэхухэр щрагъэкIуэкIащ.

Гъэм и жэпуэгъуэр иухыху Іэщыхъуэхэр Къущхьэхъум итынущ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Къэхутэныгъэ телъыджэ

1945 гъэм США-м и ВВС-м и кхъухьлъатэзехуэ Кауфман Джеймс Китайм и щхьэщыгум иту телъыджэ гуэр къилъэгъуащ. ТIасхъэщIэхым иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэр щызэхитхыкIыжым къыхигъэщащ Сиань къалэм нэхъ и Іэхэлъахэу, Циньлин къуршыщхьэм щимэ абрагъуэ иту къызэригъуэтар. Ар, пэж дыдэу, абрагъуэт - метр 300 и лъагагът!

МЫСЫР щимэхэм я щэхур алъандэрэ къызыхуэмытIэщIа археологхэмрэ щIэныгъэлIхэмрэ я фэр пыкIат а хъыбарыр хэIущIыIу щыхъуам. Китайм щыIэ щимэр мывэ хужьым къыхэщIыкIат, и щыгум гъущIым ещхь гуэр къытолыдыкI, Хеопс и пирамидэм нэхърэ тIукIэ нэхъ лъагэщ... Нэгъуэщ! хамыщIыкIыу, а къатIэщIа мащIэри зэуэзэпсу ягъэбзэхащ. Кхъухьлъатэзехуэм и тхыгъэр кIуэдащ, Китайм и унафэщIхэм щимэм теухуауэ зы тхыгъэ кIапи кхахуэмытIэщIу нобэм къэсащ. Къищынэмыщlауэ, а щIыпIэр къахухьащи, жыжьэрэ-гъунэгъуу убгъэдагъэхьэркъым.

Арами, псалъэр пхуэубыдын?! Мывэ лъабжьэм щIожри, къуршыжьхэм къапожэкI ар, псым хуэдэу.

1912 гъэм Китайм сондэджэр лъагъуэшхуэ кIуэцIрыкIыу щытащ. А лъагъуэр щимэ бжыгъэншэхэмкIэ блэкIырт. Шродер Фред жыхуаIэр гъуэгугъэлъагъуэу яхэтт а чэруанхэми, здрикIуэ щIыналъэхэм щилъагъу телъыджэхэм ятетхыхьыну фIэфIт. Мис а щIалэм и едзыгъуэхэр хэIущIыIу къэхъуащ 1963 гъэм.

КъызэрыщIэкIымкIэ, Шродер япэ дыдэу щимэхэр къыщилъэгъуам, а щIыпIэм щыпсэухэм еупщIащ ахэр зищIысымрэ зыухуахэмкIэ. «А щимэхэр мы щIыпIэм илъэс мини 5-м щIигъуауэ итщ, зыухуахэри мафIэр къызыпылъэлъ благъуэхэм тесу уафэм къеха цIыху хужьхэрщ! Ар ди лъэпкъым Іуэрыіуатэу нобэм къихьэсащ, ди пасэрей тхылъыжьхэми ярытщ», - къатащ жэуап.

Пэжу, китай Іуэрыіуатэм зэрыжиIэмкIэ, пасэрей цIыхум пхъэщхьэмыщхьэ, хадэхэкI хисэу, тхэфу, и гупсысэр къиIуэтэфу щытакъым. Ахэр цIыхухэм къезыгъэщIар уафэм къехахэрщ. ЗэрыжаIэмкIэ, ахэр ЩIым щылIэжри, щIалъхьэжащ. Къапщтэмэ, Китайм щыIэщ кхъэлэгъунэ телъыджэхэр, а лъэпкъым и щэнхабзэм зыкIи къытемыхьэ щIыкIэкIэ ухуарэ хьэдэхэр щыщIалъхьэжауэ, тхыгъэ гуэрхэр ямыцIыху тхыбзэкIэ тедзауэ.

Австрием щыщ щIэныгъэлI Хаусфорд Гарфит щыIащ Шэнси щIыналъэм и щIыпIэ щэхухэм икIи 100-м щIигъу пирамидэхэр къибжащ. Сыт хуэдизу унафэщIхэм ямыгъэпщкIуами, Китайм и щимэхэр спутникхэм траха сурэтхэм къощ. ГурыIуэгъуэщ Щимэ Хужьым щэхушхуэхэр зэрихьумэр, а къэралым къыIэрыхьа щIэныгъэхэмкIи гуэшэну зэрымыпIащIэр.

Апхуэдэ гупсысэм тетщ щимэ телъыджэхэр къыщагъуэта Мысырым, Франджым, Японием, Урысейм я щIэныгъэлIхэр. Абы пэж гуэр хэлъу къыщIэкIынущ... А ухуэныгъэхэр зэрызэтралъхьа щIыкIэр иджыри къэс къызыгурымыIуа дэ сыткIэ тхуэгъэлэжьэну абыхэм яхъумэ щэхухэр?

ЗэныбжьэгъуитIым я хъыбар

Бдзэжьеящэмрэ пингвинымрэ я зэныбжьэгъугъэ телъыджэм щымыгъуазэ Бразилием щыпсэу къыщIэкIынкъым. Диндим зыфIаща пингвиным илъэс къэс километр мини 8 зэпичурэ Бразилием щыпсэу и ныбжьэгъу бдзэжьеящэм деж лъагъунлъагъу кIуэуэ щытащ илъэс бжыгъэкIэ.

ЖОАО Перейрэ де Соузэ, илъэс 71-рэ хъу цIыхухъум, 2011 гъэм Рио-де-Жанейрэ и псы Іуфэм деж пингвин цIыкIу къыщигъуэтат. Ар шхын щхьэкIэ лIэрт, щIыдагъэм зэщIицIэлати, и нэр игъаплъэртэкъым, зищIысыр зэ Іуплъэгъуэкlэ къыбгурымыIуэу теплъаджэт.

Перейрэ де Соузэ ар и унэм ихьри игъэкъэбзащ, тхьэмахуэкIэ бдзэжьей иригъэшхыу, кIэлъыплъу и деж щIигъэсащ. Къару къыхыхьэжащ, зэрыубыдыжащ жиIэри, пингвиныр псым хигъэтIысхьэжыну ар хы Іуфэм ихьа щхьэкIэ, цIыхухъум и хьэщIэм зыкъринэри, иджыри мазэ 11-кIэ щIыпIэ хуабэм щыIащ. И чэзур къэсщ, псэущхьэм и цы щабэр текIщ, нэхъ ткIийуэ къытекIэри, мис итIанэщ зыщигъэбзэхыжар.

Пэжу, де Соузэ абы есати, хуабжьу игу къеуат ныбжьэгъу къыхуэхъуа, мылылъэ жыжьэм щыщ пингвиныр Антарктидэм зэрыкIуэжар.

Илъэс дэкIыу, Диндим Бразилием къыщигъэзэжам, цIыхухэм зэрагъэщIэгъуэнур къахуэщIэртэкъым! Абдеж щыщIидзэри, пингвиным илъэс къэс къытригъазэурэ цIыхухъум деж щыIэрт бадзэуэгъуэ мазэм щыщIэдзауэ мазае хъуху. Ар зи нэгу щIэкIахэм яIуэтэж Диндим ажалым къыIэщIэзыха и ныбжьэгъум гу щимыхуэжу, дэнэ кIуэми иужь имыкIыу зэрыщытар. Апхуэдэ телъыджэ зэи зыми илъэгъуатэкъыми, псоми ягъэщIагъуэрт.

Езы Перейрэ де Соузэ жиIэрт: «Си быным хуэдэу фIыуэ солъагъу Диндим. Быдэу си фIэщ мэхъу езыри къызэрысхуэгумащIэр. Сыту жыпIэмэ, сэ нэмыщI зы цIыху зыбгъэдигъэхьэркъым икIи зригъэIусэркъым. ХьэщIапIэ къыщысхуэкIуахэм деж ар си куэщIым илъу мэжей, зызегъэгъэпскI, си Іэгум йошхыкI, нэгъуэщI зыгуэр къыбгъэдыхьэмэ - йодзакъэ».

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар
КЪАНЫКЪУЭ Анфисэщ.

● Гъуазджэ

Дэ, адыгэм, ди хабзэр аращ

Урысейм и къалащхьэм илъэс зыбжанэ хъуауэ щекIуэкI «Черкес ФМ-м и вагъуэхэр» концерт иныр тхьэмахуэ кIуам Налшык къалэ, Театр ЩхъуантIэм, щекIуэкIащ. Адыгэ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ зи зэфIэкIкIэ зыгъэбей уэрэджыIакIуэхэр, къэфакIуэхэр, пшынауэхэр щызэхыхьэ мы утыкур къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 5 мэхъу. Ар пIалъэ кIыхькъым, а зэманым къриубыдэу «Черкес ФМ-м и вагъуэхэр» концертыр адыгэ гъуазджэм и къэхъугъэ нэхъыщхьэ хъуащ. Абы зэрешалIэ икIи зэрегъэубыд адыгэу дунейм тетыр. Гъэ къэс хамэ къэралхэм щыщ ди лъэпкъэгъу зэчиифIэхэр къыхашэ, «вагъуэщIэхэр» къытхузэIуах. Ар нэхъыжьхэм пщIэ щагъуэт, нэхъыщIэхэр щагъэгушхуэ утыкущ жыпIэмэ, ущыуэнукъым.

КОНЦЕРТЫМ и къызэгъэпэщакIуэр Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингуш республикэхэм щIыхь зиIэ я артист, режиссер, продюсер цIэрыIуэ Хьэцей Тимурщ. Мы гъэм ар зэи хуэмыдэжу дахэ, щIэщыгъуэ, гухэхъуэ хъуат, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, япэу ди щIыналъэм, хэкум щекIуэкIырт.

Урысейм ис лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ зэрызэрипхыр, зэкъуэшхэр нэхъри зэрызэкъуигъэувэр иджыри зэ наIуэ къищIащ мы пшыхьым. Концертым хэтащ адыгэ эстрадэм и вагъуэ нэхъ цIэрыIуэхэр, Кавказ Ищхъэрэм хыхьэ щIыналъэхэм я уэрэджыIакIуэхэр. Пшыхьым дунейпсо мыхьэнэ зэриIэр щIигъэбыдэу, IэгуауэшхуэкIэ утыкум къырагъэблэгъащ Тыркум щыщ ди нэхъыжьыфI, уэрэджыIакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ Къущхьэ Догъэн. Жу Жансурэт и уэрэдыр, Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм яхъумар, езы Догъэн зэхуихьэсыжахэм ящыщхэр жиIащ а пщыхьэщхьэм икIи зэкъуэшитI зэхуэныкъуар зэрыгъуэтыжам хуэдэу, ар хагъэфIыкIыу Iэгу хуеуащ. Пшыхьым хэтащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм хыхьэ хэгъэгу псоми я цIыхубэ артист, Урысейм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Нэхущ Чэрим, КъБР-м, Адыгейм, КъШР-м, Ингушым, Осетие Ипщэм, Абхъазым я цIыхубэ артист Сокъур Ольгэ, Урысей Федерацэмрэ Абхъаз Республикэмрэ щIыхь зиIэ я артист, Адыгейм и цIыхубэ артист Нэхей Тамарэ, КъБР-м и цIыхубэ артист, Ингуш Республикэм щIыхь зиIэ и артист Хъыжьрокъуэ СулътIан, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм щIыхь зиIэ я артист, Шэшэн республикэм и цIыхубэ артист Апэнэс Астемыр, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Бэрбэч Аскэр, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Бэч Азэмэтрэ Ренатэрэ, КIыщхэ Ислъамрэ Каринэрэ, АР-м щIыхь зиIэ и артистхэу Теркъул Астемыррэ Иуан БетIалрэ, Нэхущ Рустам, ГъукIэ Ислъам, ТхьэкIумащIэ Аслъэн, Дау Аминэ, ГъукIэ Анатолэ, Абазэ Баринэ (Иордание), Хьэтыхъу Вадим, Шокъум Мурат, Жанкишиев Эльдар, ЦокIыл Азэмэт, Бозоркинэ Беллэ, Адыгей Республикэм щыщ «Ашэмэз» уэрэджыIакIуэ гупыр, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблыр, «Мэзгуащэ» къэфакIуэ гупыр, «Терские казаки» ансамблыр, Абхъазым къикIа «Гунба» гупыр.

УэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ нэмыщI, концертым хэтащ пшынауэ лъэрызехьэхэмрэ абыхэм я Iэзагъыр зыхэзылъхьэ щIалэгъуалэмрэ. Адыгэ пшынэр ягъэбзэрэбзащ Къуэдз Iэбубэчыр, Сэхъу Хьэсэн, Хьэпажэ Заудин сымэ, пшынэ макъым уафэр къигъачэу, иджырей гъэIукIэр кърагъэкIыу чэзууэ нэхъыжьхэр зэрыс утыкум къихьащ Щоджэн Алан (Сирие), Лыджыдэ Алий (КъБР), Дарокъуэ Рами (Иордание), Гырбэ Саид (Сочи) сымэ.

Пшыхьыр нэфIэгуфIэу ирагъэкIуэкIащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артистхэ Гумэ Маринэ, УФ-м и цIыхубэ артист Березин Владимир, АР-м щIыхь зиIэ и журналист ТIэш Светланэ сымэ. Къэрал утыкур зыгъэбжьыфIэ Березиным и макъыр Театр ЩхъуантIэм щызэхэпхыну гухэхъуэт, адыгэбзэ къабзэр жьакIуэу сыт хуэдэ утыкуи изыхьэф Маринэ и макъыр гум нэсырт, лъэпкъыбзэм и къулеягъыр нэхъри зыгъэбей кIэмыргуей псэлъэкIэр игъэбзэрабзэрт ТIэш Светланэ.

Концертым кърихьэлIащ Тыркум, Сирием, Иорданием, Израилым, Америкэм къикIа ди лъэпкъэгъухэр, Москва, Санкт-Петербург щыпсэууэ къэкIуэжахэр куэд хъурт. А псом къищынэмыщIауэ, Хьэцей Тимур и жэрдэмкIэ, Черкесскрэ Мейкъуапэрэ дэсхэм автобус яхухихат, жэрдэм зиIэхэр къэкIуэнуи, гупу зэрыIыгъыу къеблэгъахэри, я машинэхэмкIэ къэкIуахэри мащIэтэкъым. Краснодар, Ставрополь крайхэм, Осетие Ищхъэрэ - Аланием щыщ адыгэхэми зыкърагъэхьэлIащ. А махуэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщIакIуэ гупым хэтхэм я зэIущIэр екIуэкIати, абы хэта псори, ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий я пашэу, щыIащ.

IуэхуфI екIуэкIым иIэ мыхьэнэр къилъытэри, ДАХ-м и ЩIыхь тхылъымрэ дамыгъэ нэхъыщхьэмрэ Сэхъурокъуэ Хьэутий яхуигъэфэщащ ди нэхъыжьыфI Къущхьэ Догъэн, Iуэхур къызэзыгъэпэща Хьэцей Тимур, илъэситху хъуауэ адыгэ концертыр езыгъэкIуэкI урыс щIалэ Березин Владимир.

Хьэутий къыщыпсалъэм жиIащ ДАХ-м и лIыкIуэу, къэрал, щIыналъэ 14-м къикIахэр къызэрыкIуар. Тхьэмадэм фIыщIэ ин яхуищIащ адыгэ концерт иныр гъэ къэси къызэзыгъэпэщ Хьэцей Тимури абы къыдэIэпыкъуу къыкъуэт псоми.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэдэпсэу зэш лъэпкъитIым я зэхущытыкIэм наIуэ техъуэу Хьэутий и гъусэу утыку къихьа, КъБР-м ЦIыхум я хуитыныгъэхэмкIэ и уполномоченнэу щыIэ Зумакулов Борис жиIащ нэри псэри пфIэзыхьэху адыгэ зэхыхьэшхуэр Кавказ Ищхъэрэм и курыхыу къалъытэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрызэрагъэпэщар гуапэ лей зэрыщыхъур, мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ щыIэнымкIэ мы Iуэхуми сэбэпынагъ къызэрыпэкIуэнур.

«Черкес ФМ-м и вагъуэхэр» концертыр зэрекIуэкIа илъэситхум хабзэ хуэхъуащ «зи вагъуэр къыщIэнагъащIэ» цIыху утыку къиехьэныр. Ар къызэгъэпэщакIуэхэм я дежкIэ лъапIэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Iуэхур зытеухуэжар зэфIэкI зиIэхэр къэхутэнырщ, зи щIалэгъуэхэр тегъэгушхуэнырщ, куэдкIэ узыщыгугъ хъунухэм защIэгъэкъуэнырщ. Мы гъэм апхуэдэ пщIэр лъагъэсащ Динарт Темыркъан. Абы кIахэ псэлъэкIэмкIэ жиIащ «Къазбэч» уэрэдыр.

Утыкум ита дэтхэнэ зыми цIыхубэм я гукъыдэжыр къиIэту, я гум щыз ищIу, я адыгэпсэр игъэушэу уэрэд жиIащ. ЦIыхубэм фIыуэ ялъэгъуа уэрэдхэм нэмыщIи, концертым щIэуэ ятхахэр къыщыIуащ. А пщыхьэщхьэм фIыщIэ псалъэ куэд хужаIащ концертыр зыхуей хуэзэу къызэзыгъэпэща Хьэцей Тимур. Адыгэ макъамэр зигу къэкIахэми, уэрэджыIакIуэ нэхъ щIалэхэр зэзыгъэцIыхуахэми, хэгъэгу зэмылIэужьыгъуэхэм щыпсэууэ а пщыхьэщхьэм зэхуэзахэми ягу зэрыхэхъуар къыпхуэмылъытэным хуэдизщ. Концертыр щыщIидзэ дакъикъэм къыщIидза уэшхышхуэм зыкIи нэхъ фагъуэ ищIакъым адыгэ пшыхьыр. Жьауэхэмрэ уэшх зыпхымыкI фэилъхьэгъуэ пIащIэхэмкIэ зыщахъумэн я гугъа щхьэкIэ, уэшхым и гугъэр нэгъуэщIт - абы ину икIи кIыхьу къеэшхыну мурад ищIат. Пшыхьым и кIэухым гъэмахуэ уэшхым щIагъуэу игъэшынэ зэрыщымыIэр нэрылъагъу хъуащ. Жьауэри къафIэмыIуэхужу, къэтэджауэ цIыхухэр къафэрт, джэгурт, уэрэдхэм дежьурт.

Хьэцей Тимур адыгэ щэнхабзэм, Урысейм и гъуазджэ IэнатIэм хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуищIыр, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм, къэрал зэхуэмыдэхэм я зэхуаку щэнхабзэ лъэмыж зэрыщиухуэр къыхагъэщащ концертеплъхэм. А псори хуэкIуэжырт махуэ къэс я Iэпэгъу «Черкес ФМ» радиом гурэ псэкIэ зэрыщыгуфIыкIым.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Тимур и жэрдэмкIэ къызэIуиха «Черкес ФМ» лъэпкъ радиор адыгэ дунейм Iулыдж ин щызиIэ IуэхущIэу зэфIэуващ. Уеблэмэ хамэ къэрал куэдым щикIухьа адыгэхэр нэхъри зэрипхыжу, адыгэбзэм и IэфIагъыр игъэнаIуэу, адыгэ хабзэм и купщIэр тхузэпкърихрэ лъэпкъ макъамэ дахэм дыщIигъэдэIуу ди гъащIэм щыщ Iыхьэ хъуащ.

Радиом лэжьэн зэрыщIидзэрэ цIыху мин бжыгъэхэр къыдихьэхащ, къэрал куэдым къыщацIыхуащ, иджырей радиор зыхуэдэр цIыхубэм наIуэ ящищIащ. «Черкес ФМ»-м и эфирым къыщыIу уэрэдхэм нэмыщI, «Адыгэ хабзэм» щхьэхуэу щытопсэлъыхь.

Иджырей телефон зыIыгъхэм я Iэпэгъущ «Черкес ФМ»-р. Ар телефоным тет гуэдзэнщи, нэгъуэщI щыпIэхэм адыгэ уэрэдхэр къыщыплъыхъуэу, абы зэман тебгъэкIуадэу щымыту, жэщмахуэм и сыт хуэдэ сыхьэти къызэIухи, щызэхэпхынущ.

Тхыгъэри сурэтхэри **ДАРИЙ Дахэнур** *ейщ.*

● УФСБ-м къет

Тхылъ нэпцI къигъэсэбэпырт

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, Урысей МВД-м и ВОГОиП-м, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм зэщIыгъуу къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу, къыщIагъэщащ илъэс 37-рэ зи ныбжь, гъунэгъу щIыналъэхэм я зым щыщым шынагъуэншагъэмкIэ органхэм я лэжьакIуэм и удостоверенэ нэпцIыр къызэригъэсэбэпыр.

УГОЛОВНЭ Iуэху къаIэтащ УФ-м и УК-м и 327-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм ипкъ иту. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар зы илъэсым нэскIэ ягъэтIыс.

Тхуэугъурлыщ Кърымым къикIхэр

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Севастополь» (Севастополь) - 3:2 (1:0). Налшык. «Спартак» республикэ стадион. Бадзэуэгъуэм и 4-м. ЦIыху 538-рэ еплъащ.

Судьяхэр Герасимов (Новгород Ищхъэрэ), Абросимов, Головченкэ (тIури Дон Iус Ростов щыщщ).

«**Спартак-Налшык**»: Къумыкъу, Пириев, КIэдыкIуей, Гирзишев, Гъуэгузокъуэ, Пекъу (Селяев, 80), ХьэцIыкIу (Болэтокъуэ, 86), Черкесов (Iэпщацэ, 80), Хьэшыр, Ибрагимов (Кертанов, 86), Лысенкэ (ЛIуп, 30).

«**Севастополь**»: Вертиев, Абзалилов (Исаев, 71), Алиев З., Потапов, Шахтиев, Алиев Б., Дугу (Гречкин, 89), Зубавленкэ (Супрун, 89), Максимов (Степанович, 71), Иванов, Рубан (Гевлич, 62).

Топхэр дагъэкIащ: Пекъум, 14 (1:0). ХьэцIыкIум, 52 (2:0). Ивановым, 64 (2:1). Селяевым, 81 (3:1). Ивановым, 90+4, пенальтикIэ (3:2).

Дагъуэ къыхуащIащ: Алиев Б.

Джэгум къыхахуащ: Алиев Б. (57-нэ дакъикъэм).

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и япэ къекIуэкIыгъуэр «Спартак-Налшыкым» иухащ Кърымым къикIа командэхэр зэкIэлъхьэужьу щыхигъэщIауэ. ТхьэмахуитI ипэкIэ бжыгъэшхуэкIэ зытекIуа Луганск и «Заря»-м щэбэт блэкIам кIэлъигъэкIуащ зэпеуэм щыпашэ «Севастополь»-ри.

ПСК-р зэпеуэм зэрыхэкIыжам и зэранкIэ зэрымыджэгуа тхьэмахуитIым къриубыдэу ди щIалэхэм ягъэкIуэдакъым къаща тегушхуэныгъэр. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, алъандэрэ абыхэм яхэтыжтэкъым япэ дивизионым зыкъыщызыгъэлъагъуэ «СКА-Хабаровск»-м ирагъэблэгъа Блий Елдаррэ зэкIэ здэкIуэнур мынаIуащэ Кенжев Маликрэ. АрщхьэкIэ а щхьэусыгъуэр зэран хуэхъуакъым «Спартак-Налшыкым» зэтеува джэгукIэ дахэм пищэнымкIэ.

Зэхьэзэхуэм щыпашэ «Севастополь»-м щэбэтым апхуэдизу лъэщу ди щIалэхэм ебгъэрыкIуэн щIадзати, хьэщIэхэм ар зэрызэтраIыгъэфар зэман кIэщIкIэщ. ЕпщыкIуплIанэ дакъикъэр екIуэкIыу арат Пекъу Ислъам ди командэр япэ щригъэщам.

АдэкIи налшыкдэсхэм я ебгъэрыкIуэныгъэ лъэщхэр къагъэтIэсхъакъым. АрщхьэкIэ бжыгъэр щагъэбэгъуэфар загъэпсэхуу къихьэжа иужькIэщ. 52-нэ дакъикъэм ХьэцIыкIу Амур Iуэхур 2:0-м нигъэсащ, ЛIуп Ислъам кърита топыр Iэзэу дигъэкIри.

Мыгъэрей зэхьэзэхуэм етIуанэу къызэрыхагъащIэр «Севастополь»-м и футболистхэм ягу техуакъым. Куэдрэ къэхъурт абыхэм топджэгум и хабзэр къыщызэпауд. Апхуэдэхэм ящыщ зым Алиев Бекхъан хуабжьу шынагъуэу Черкесов Iэдэм жьэхэпкIащ, фэбжь хьэлъэ иритыным зымащIэ фIэкIа имыIэжу. Дауи, абы напIэзыпIэм дагъуэ къыхуащIащ. Бекхъан нэхъ Iеижу къызэщIэплъэри, судьям хуэмыфащэ ирипэсащ икIи джэгум зыкъыхригъэхуащ.

Хьэлэмэтращи, зы футболисткIэ зэрынэхъыбэр «Спартак-Налшыкым» къигъэсэбэпакъым. Уеблэмэ, а щытыкIэм игъэбэлэрыгъащ, текIуэныгъэр я Iэрылъхьэу къригъэлъытэри. ХьэщIэхэм гулъытэншэу ар къагъэнакъым икIи къаруушхуэкIэ ипэкIэ кIуатэри, бжыгъэр 2:1-м хуагъэкIуащ.

Ди щIалэхэм къаруушхуэ халъхьэн хуей хъуащ джэгур я текIуэныгъэм хуагъэкIуэн папщIэ. 81-нэ дакъикъэм Селяев Амырхъан аргуэру топитIкIэ налшыкдэсхэр япэ щригъэщам гурыIуэгъуэ хъуат иджы очкоищыр зэраIэрылъхьэр. АрщхьэкIэ Севастополь къалэм къикIахэри тыншу зызытынухэм ящыщтэкъым. Джэгум къыхущIагъуа зэманым абыхэм пенальти къалэжьащ икIи Ивановым ар Iэзэу игъэзэщIащ. Зэхьэзэхуэм щыпашэм афIэкIа къаруи зэмани къыхуэнэжатэкъым зы очко нэхъ мыхъуми кърigъэлъину щIэбэныну.

Арати, зэпеуэм бжыпэр щызыIыгъыр 3:2-уэ хигъэщIарэ и джэгукIэфIыр зэрызэтеувар нэрылъагъуу «Спартак-Налшыкым» зэхьэзэхуэм и япэ Iыхьэ кърихьэлIащ. Ди щIалэхэм щэбэт кIуам «Севастополь»-м и гъуэм дагъэкIащ иджыри къэс щыIа зэIущIэ 13-м къыхудагъэкIам и ныкъуэм хуэдиз. Дыщыгугъынщ адэкIи нэхъыфIыж я Iуэхухэр хъуну.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и зи чэзу джэгугъуэм крикIуа бжыгъэхэм: «**Победа**» (Хасавюрт) - «**Ростов-2**» (Дон Iус Ростов) - **2**:**2**, «**Нефтяник**» (Избербаш) - «**Чайка-М**» (Песчанокопскэ) - **1**:**2**, «**Нарт**» (Черкесск) - «**Кызылташ**» (Бахъчисарай) - **1**:**0**, «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - «**Рубин**» (Ялтэ) - **2**:**2**, «**Астрахань**» (Астрахань) - «**Заря**» (Луганск) - **1**:**2**, «**Динамо-2**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Шахтёр**» (Донецк) - **1**:**1**.

Зэхьэзэхуэм и япэ къекIуэкIыгъуэр иухащи, иджы командэхэм тхьэмахуищкIэ загъэпсэхунущ. Бадзэуэгъуэм и 25-ращ абыхэм зэпеуэм щыпащэнур. А махуэм «Спартак-Налшыкым» Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм къыщригъэблэгъэнущ Кърымым щыщ аргуэру зы командэ – Ялтэ и «Рубин»-р. Гъуэзэджэт, абы адрейхэм Налшык къащыщыщIар я натIэ хъуатэмэ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. **«Севастополь»**	**14**	**10**	**2**	**2**	**23-9**	**32**
2. **«Шахтёр»**	**14**	**9**	**3**	**2**	**24-9**	**30**
3. **«Ростов-2»**	**14**	**9**	**2**	**3**	**28-14**	**29**
4. «Нарт»	14	7	3	4	19-10	24
5. «Кызылташ»	14	7	2	5	22-17	23
6. «Спартак-Налшык»	14	6	5	3	21-10	23
7. «Дружба»	14	6	4	4	17-14	22
8. «Победа»	14	6	3	5	26-16	21
9. «Рубин»	14	5	5	4	17-13	20
10. «Нефтяник»	14	5	0	9	13-36	15
11. «Заря»	14	4	3	7	15-22	15
12. «Ангушт»	14	4	1	9	7-16	13
13. «Астрахань»	14	3	3	8	12-20	12
14. «Динамо-2» Мх	14	2	3	9	10-24	9
15. **«Чайка-М»**	**14**	**2**	**1**	**11**	**10-32**	**7**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **НэщIэпыджэ Замирэ**, **Чэрим Мариannэ**, **ЩхьэщэмыщI Изэ**.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинын и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.073
Заказыр №1426
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта IуэхугъуэхэM я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(1, 3-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ**.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ**, **Мэлбахъуэ Анжелэ**.
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.